



DEMAND KONSANTMAN POU RANBOUSMAN MEDICAID

Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) ekri w pou mande w èd ou pandan n ap travay pou founi pitit ou a sèvis. Lekòl nou yo kapab resevwa fon anplis pou kèk nan sèvis yo bay elèv tankou pitit ou a, ki gen yon plan edikasyon endividyèl individualized education plans (IEP). Pou lekòl nou yo kapab resevwa lajan sa a, nou bezwen konsantman w pou nou (1) gen aksè nan enfòmasyon ki ka idantifye pitit ou a nan dosye edikasyon espesyal li, pou bay pwogram federal Medicaid enfòmasyon sa yo konsènan evalyasyon edikasyon espesyal, pwogram ak sèvis yo bay pitit ou a epi (2) gen aksè nan kouvèti asirans Medicaid pitit ou a pou peye pou sèvis sa yo. Tanpri li enfòmasyon pi ba a, ranpli fòm ki vini avèk lèt sa a epi voye l tounen bay lekòl pitit ou.

Mèsi pou kolaborasyon w pou asire ke lekòl leta resevwa plis finansman posib pou sipò esansyèl nou ofri elèv nou yo.

--

Poukisa yo mande m pou siyen fòm konsantman sa a?

Depatman edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYC DOE) itilize fon Medicaid pou ede peye kèk nan depans pou founi elèv sèvis edikasyon espesyal. Avèk konsantman w, NYCDOE kapab soumèt bòdwo bay Medicaid pou evalyasyon ak sèvis yo bay pitit ou a. Yo p ap oblije w pou enskri pou jwenn Medicaid pou pitit ou resevwa sèvis ki nan IEP li a.

Ki enfòmasyon n ap bay pwogram Medicaid eta a ak federal konsènan pitit mwen an?

NYCDOE ap bay enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye pitit ou a osijè evalyasyon ak sèvis edikasyon espesyal yo bay pitit ou a. Enfòmasyon sa yo ka gen IEP a, nòt sou pwogrè, dosye prezans, evalyasyon ak lòt dosye ak enfòmasyon sou evalyasyon ak sèvis yo bay pitit ou a.

Eske mwenmenm oswa fanmi m gen pou peye pou sa?

Oumenm ak fanmi w pa gen pou peye anyen. Ou p ap gen okenn obligasyon pou depans, prim, ni kopeman pou sèvis yo y ap bay pitit ou. Sa p ap gen okenn efè sou sèvis yo bay pitit ou a anndan oswa andeyò lekòl la. Si fanmi gen Medicaid, yo p ap anile kouvèti Medicaid la, kantite kòb Medicaid etabli pou peye pou dire vi a p ap vin pi piti, ni sa p ap afekte sèvis ke fanmi w ap resevwa nan okenn fason lè nou gen aksè nan avantaj Medicaid yo. Yo p ap oblije w pou enskri pou jwenn Medicaid pou pitit ou resevwa sèvis ki nan IEP li a. Ou p ap riske pou pèdi elijiblite pou eksepsyon ki baze sou kay ak kominote, si genyen, ki baze sou depans total ki gen rapò avèk sante w.

Eske mwen ka chanje ide m sou pèmasyon mwen bay NYCDOE pou gen aksè nan enfòmasyon pitit mwen ak soumèt bòdwo bay pwogram Medicaid? Kisa k ap pase si m pa bay konsantman m?

Ou ka chanje ide w sou konsantman sa a nan nenpòt moman. Pou chanje desizyon w, ranpli yon nouvo fòm epi voye l nan lekòl pitit ou a. NYCDOE dwe toujou bay pitit ou sèvis edikasyon espesyal san sa pa kouste w senkòb si w pa bay konsantman w oswa si w anile konsantman an nan yon dat apre.

<<Student's las

Egzanp

<<NYC student ID>>

Tanpri seleksyon youn nan chwa pi ba a, siyen dokiman an, ekri dat la epi voye fòm sa tounen bay lekòl pitit ou a.

- Wi, mwen konprann epi mwen dakò ke NYCDOE kapab gen aksè nan dosye edikasyon espesyal pitit mwen, ki ka genyen pwogram edikasyon endividyèl *Individualized Education Program* (IEP), nòt pwogrè, dosye prezans, evalyasyon ak lòt dosye ak enfòmasyon osijè sèvis ak evalyasyon yo kapab bay pitit mwen an epi pou pou divilge enfòmasyon pèsònèl sa yo bay ajans Medicaid Eta a ak Federal lè sa nesesè pou mande ranbousman Medicaid. Mwen dakò ke NYCDOE kapab gen aksè nan asirans Medicaid pitit mwen pou peye pou edikasyon espesyal ak sèvis yo bay pitit mwen jan IEP li mande l.

SIYATI PARA

.T

Egzanp

- No, Mwen pa bay pèmasyon pou NYCDOE gen aksè nan dosye edikasyon espesyal pitit mwen pou reklame ranbousman Medicaid pou sèvis edikasyon espesyal yo bay pitit mwen an.

SIYATI PARAN OSWA RESPONSAB

DAT